



**Ministère de la Santé Publique et de la Population**  
**Direction de Promotion de la Santé et de la Protection de l'Environnement**  
**(DPSPE)**

**MESAJ PREVANSYON POU PWOTEJE NOU KONT KOLERA**

*« Pou difize touswit nan popilasyon an : Kominote yo, Kan yo, Fanmi yo, Lekòl yo,  
Legliz yo ak tout lòt kote anpil moun frekante »*

KOLERA se yon maladi moun trape nan manje ak dlo ki kontamine, sa vle di ki gen mikwòb kolera a. Maladi kolera a grav anpil anpil men li fasil pou trete. Moun ki trape KOLERA a ka mouri si li pa jwenn swen. Se pou sa, nou dwe ba li bwè sewòm oral pou ranplase dlo l ap pèdi a, epi mennen li san pèdi tan nan sant sante ki pi pre a depi premye dyare a.

**MEN KÈK KONSÈY MINISTÈ SANTE PIBLIK AK PATNÈ LI YO AP BAY POPILASYON AN:**

**Mesaj/ Prekansyon:**

**Mesaj #1**

**Trete dlo n ap sèvi**

Yon dlo trete se yon dlo potab, sa vle di ki pa gen jèm mikwòb ladan l. Nou dwe trete tout dlo n ap sèvi, sitou dlo n ap bwè. Men kouman pou nou trete dlo :

- Mete 5 degout jif oswa dlo klowòks nan yon galon dlo,
- Oswa bouyi dlo a,
- Oswa mete grenn ki fèt pou sa nan dlo a, tankou akwatab,
- Kite dlo a poze pandan 30 minit anvan nou sèvi avè l.

**Mesaj #2**

**Lave men nou ak dlo ak savon, sitou:**

- Anvan nou manje,
- Anvan nou prepare manje,
- Anvan ak aprè nou fin okipe tibebe yo,
- Lè nou sot fè bezwen nou,
- Lè nou sot touche moun ki malad,
- Lè nou tounen lakay nou, nou sot nan lari
- Lè nou fin manyen yon bagay moun te deja manyen: tankou telefòn, lajan, lè nou fin bay lanmen, elatriye ,
- Lè nou sot manyen oswa okipe yon moun ki gen dyare ak vomisman.



**Ministère de la Santé Publique et de la Population**  
**Direction de Promotion de la Santé et de la Protection de l'Environnement**  
**(DPSPE)**

**Mesaj #3**

**Kouman pou nou lave men nou**

- Lave men nou ak savon anba tiyo, oswa mande yon moun vide dlo sou men nou
- Byen mouye men nou anvan nou savonnen yo
- Fwote zong, pwent dwèt, pla men ak do men yo
- Byen rense men yo
- Epi souke men yo pou yo sèche

**Mesaj #4**

**Atansyon ak sa n ap manje**

- Kite byen kwit tout sa n ap manje, kèlkeswa kote yo soti,
- Lave fwi yo ak legim yo ak dlo trete anvan nou manje yo,
- Pran prekosyon ak sa n ap manje ak bwè nan lari, tankou dlo nan sachè, ji, krèm, fresko, elatriye

**Mesaj #5**

**Ijyèn pou manje**

- Prepare ak kwit manje yo nan veso ki lave ak dlo trete,
- Manje manje yo cho, sa vle di pa kite yo frèt nèt,
- Chofe manje yo anvan nou manje yo si yo frèt,
- Mete fwi yo apa, mete legim yo apa,
- Mete manje kwit apa, mete manje kri apa,
- Kouvri tout manje yo ak tout sa nap bwè ak kouvèti ki lave ak dlo trete si nou poko ap itilize yo pou mouch pa poze sou yo.

**Mesaj #6**

**Jere pou pou, vomisman ak fatra yo**

- Evite fè bezwen nou atè, bò sous dlo ak larivyè
- Toujou fè bezwen nou nan latrin, aprèsa kouvri bouche latrin yo,
- Jete pou pou timoun yo nan latrin, oswa fouye yon twou byen fon pou mete yo, aprèsa bouche twou a,
- Evite manyen vomisman ak pou pou yo, vide dlo klowoks sou yo anvan nou jete yo nan latrin,
- Sanble fatra yo lwen kote nou rete



**Ministère de la Santé Publique et de la Population**  
**Direction de Promotion de la Santé et de la Protection de l'Environnement**  
**(DPSPE)**

**Mesaj /Konpoteman nou dwe genyen:**

**Mesaj # 7**

**Siy kolera**

Mikwòb kolera a bay dyare ak vomisman; li ka bay vant fèm al ak lafyèw tou. Men, sa ki pi grav la se dyare a. Tout dyare pa kolera. Dyare kolera a gen koulè blanch tankou dlo diri, li pa gen ma epi li pa santi. Moun ki genyen Kolera a pou pou souvan. Moun ki gen kolera ka vin dezhydrate epi mouri nan kèk èdtan.

**Mesaj #8**

**Moun ki gen kolera**

- Nou dwe mennen san pèditan tout moun ki gen dyare ak vomisman nan sant sante ki pi pre a depi premye dyare a
- Moun ki gen kolera a dwe bwè sewòm oral pou ranplase dlo li ap pèdi nan dyare ak vomisman
- Moun ki gen kolera a dwe bwè tou anpil likid tankou dlo trete ak ji ki prepare ak dlo trete nan bon kondisyon liyèn
- Manman yo dwe kontinye bay tibebe yo tete menmsi tibebe yo gen kolera pandan yo ap swiv règ liyèn yo

**Mesaj# 9**

**Kouman pou nou prepare sewòm pou yon lit dlo**

- Byen lave avèk dlo trete yon boutèy tikola oswa yon boutèy granmanjè, yon veso ak yon kiyè avèk dlo trete
- Vide 3 boutèy tikola dlo trete oswa 2 boutèy granmanjè dlo trete nan veso a
- Vide yon ti sachè sewòm oral nan dlo a
- Bwase li avèk kiyè a
- Bwè dlo sewòm oral la nan yon gode ki lave ak dlo trete
- Kouvri veso ki gen dlo sewòm oral la, chak fwa nou fin sèvi ladan l, ak yon kouvèti ki lave ak dlo trete



**Ministère de la Santé Publique et de la Population**  
**Direction de Promotion de la Santé et de la Protection de l'Environnement**  
**(DPSPE)**

**Mesaj #9'**

**Kouman pou nou prepare sewòm oral pou yon galon dlo (3, 75 lit)**

- Byen lave avèk dlo trete: yon galon, yon veso ak yon kiyè
- Plen galon an ak dlo trete, epi vide enpe nan veso a
- Mete 6 kiyè sik ak demi kiyè sèl nan veso a
- Bwase li ak kiyè a
- Vide dlo ki gen sik ak sèl la nan galon an pou ba nou yon galon sewòm oral
- Bwè dlo sewòm oral la nan yon gode ki lave ak dlo trete
- Bouche galon dlo sewòm oral la, chak fwa nou fin sèvi ladan l.

**Mesaj #10**

**Pou moun ki ap viv ak malad kolera**

- Sonje, règ liyèn yo ap ede nou pa trape kolera
- Byen lave men nou ak savon chak fwa nou sot ankontak ak yon moun ki malad
- Lave ak klowòks dra, sak zòrye, rad, sèvyèt, asyèt, kouvè ak tout sa ki sal ak pou pou oswa vomisman moun ki malad
- Dezenfekte tout kote ki sal ak pou pou oswa vomisman malad la

**Mesaj #11**

**Pou konbat stigmatizasyon**

Moun ki gen maladi kolera bezwen anpil sipò fanmi, zanmi ak moun nan antouraj li. Sonje, depi nou respekte règ liyèn yo bay yon moun ki gen kolera lanmen, anbrase li oswa ba li akolad paka fè nou trape kolera. Konsa tou, bay lanmen, anbrase oswa bay akolad ak yon moun ki te ankontak ak yon moun ki gen kolera paka fè nou trape kolera. Sonje, pou nou pa trape kolera se respekte règ liyèn yo.

**Mesaj # 12**

**Pou moun ki gen moun ki mouri anba kolera**

Moun ki gen moun ki mouri anba kolera lakay yo sonje li entèdi pou boule kadav yo. Kadav kolera pa danje depi li dezenfekte. Pousa, nou dwe :

- Kontakte oswa Rele san pèdi tan nan \* **300** pou mande vin dezenfekte kadav la
- Kontakte oswa rele tou lapolis oswa yon Jij depè pou vin fè konsta legal kadav la anvan yo leve l.

Konsa tou, lè nou tonbe sou yon moun ki mouri anba kolera nan lari nou dwe fè menm jan an. Sonje se nan konbit n ap konbat kolera.